

WE ARE YOUR DOL



Department of Labor

# LWA KONSÈNAN RESPÈ RÈG YO (FAIR PLAY ACT)

## Endistri Konstwiksyon Eta New York

Lwa konsènan Respè Règ Endistri Konstwiksyon Eta New York te anvigè nan dat 26 oktòb 2010. Lwa a kreye yon nouvo prensip pou detèmine si yon travayè se yon anplwaye oswa yon kontraktè endepandan nan endistri konstwiksyon an. Li bay nouvo sanksyon pou patwon ki pa klase anplwaye yo kòrèkteman.

Etid yo fè estime nenpòt kote ki gen ant 15 ak 25 pousan travayè konstwiksyon ka mal klase yo nan Eta New York. Gen yon move klasman anplwaye yo lè patwon yo trete travayè yo ta dwe konsidere anplwaye yo kòm kontraktè endepandan oswa senpleman pa rapòte yo (peye yo “anba-tab”).

### NOUVO PRENSIP LA

Lwa a sipoze moun k ap travay pou yon patwon se anplwaye yo ye sof si yo satisfè touletwa kritè ki anba la yo. Moun nan:

1. Pa dwe anba kontwòl ak enstwiksyon nan fè djòb la, alafwa anba kontra epi poutèt sa
2. Dwe ap fè sèvis deyò pwosesis nòmal biznis lan pou konpayi an, epi
3. Dwe angaje nan yon metye, pòs travay oswa biznis endepandan ki sanble avèk sèvis l ap fè a

### ANTREPRIZ ENDEPANDAN

Lwa a gen yon tès 12 pati tou pou detèmine lè y ap konsidere yon antrepriz endividyèl, patenarya, sosyete oswa lòt enstitisyon kòm yon “antrepriz endepandan” avèk kontraktè l ap bay yon sèvis pou li a. Si yon antrepriz satisfè tout 12 kritè yo, nou p ap konsidere li kòm yon anplwaye kontraktè a. Olye sa, l ap yon biznis apa ki dwe respekte nouvo lwa a poukont li konsènan anplwaye li yo. 12 kritè pou yon antrepriz apa parèy nan paj dèyè fèy enfòmasyon sa a.

**Pwoteksyon:** Lwa a aplike pou tout kontraktè ki nan endistri konstwiksyon an. Konstwiksyon defini tankou travay konstwiksyon, re-konstwiksyon, modifikasyon, antretyen, demenajman, reyabilitasyon, reparasyon, renovasyon oswa demolisyon nenpòt bilding, estrikti oswa

amelyorasyon oswa ki gen pou wè ak fouy lòt devlopman oswa lòt devlopman oswa amelyorasyon nan teren.

**Ajans ki konsène yo:** Nouvo prensip pou detèmine travay la aplike pou detèminasyon anba Lwa Travay (tankou prensip travay, lwa sou salè ki anvigè, ak asirans pou chomaj) ak Lwa sou Konpansasyon Travayè. Li pa aplike pou detèminasyon anba Lwa Fiskal Eta New York. Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York (New York State Department of Taxation and Finance) pral kontinye itilize prensip li genyen deja pou detèmine kondisyon travay la. Sanksyon nouvo lwa a prevwa ap aplike pou detèminasyon move klasman anba Lwa Travay, Lwa sou Konpansasyon Travayè ak Lwa Fiskal Eta New York.

**Sanksyon yo:** Yon patwon ki fè espere pou vyole Lwa sou Respè Règ yo lè li pa klase li anplwaye li yo kòrèkteman ap tonbe anba sanksyon sivil pou peye yon amann ki apeprè \$2,500 dola pou chak anplwaye li mal klas pou yon premye vyolasyon ak yon amann ki apeprè \$5,000 dola pou chak anplwaye li mal klase pou yon dezyèm vyolasyon nan yon peryòd senkan.

Patwon yo ka tonbe anba pouswit kriminel tou (yon deli) pou vyolasyon lwa a avèk yon sanksyon pou yo pase apeprè 30 jou nan prizon, yon amann ki apeprè \$25,000 dola ak entèdiksyon nan Travay Piblik pou apeprè yon ane pou yon premye vyolasyon. Zak deli annapre yo ta lakòz patwon an jwenn yon pinisyon pou pase apeprè 60 jou nan prizon oswa pou li peye yon amann ki apeprè \$50,000 dola, entèdiksyon pou fè Travay Piblik pou apeprè senkan.

Patwon yo ap toujou tonbe anba tout sanksyon ki la deja yo, taks ak restitasyon pou lè yo vyole Lwa Travay, Lwa sou Konpansasyon Travayè ak Lwa Fiskal la ki lakòz yo mal klase travayè yo. Fonksyonè antrepriz yo ak sèten aksyonè ka gen obligasyon pèsònèl pou amann ak sanksyon anba Lwa a, kote yo fè espere pou kite vyolasyon yo fèt.

**Afichaj:** Patwon endistri konstwiksyon yo dwe afiche yon avi sou Lwa konsènan Respè Règ yo nan yon kote ki vizib ak fasil pou gen aksè nan espas djòb la. Avi ki obligatwa

a ap disponib sou sitwèb Depatman Travay. Si patwon an pa afiche avi a sa kapab lakòz li tonbe anba sanksyon ki apeprè \$1,500 dola pou yon premye vyolasyon ak yon amann ki apeprè \$5,000 dola pou yon dezyèm vyolasyon.

**Kontakte nou:** Si ou gen nenpòt kesyon sou Lwa Respè Règ yo oswa si ou vle denonse move klasman travayè ou sispèk, tanpri rele Depatman Travay gratis nan nimewo 866-435-1499 oswa imèl nou nan: [dol.misclassified@labor.ny.gov](mailto:dol.misclassified@labor.ny.gov).

Tout tèks Lwa konsènan Respè Règ yo ap parèt sou sitwèb depatman an nan [www.labor.ny.gov](http://www.labor.ny.gov).

The New York State Department of Labor ale sou sitwèb [www.labor.ny.gov](http://www.labor.ny.gov).

## TÈS SOU ANTREPRIZ ENDEPANDAN

Pou nou konsidere yon antrepriz endepandan nan biznis ki resevwa sèvis yo, yon antrepriz endividiyèl, patenarya, sosyete oswa lòt enstitisyon dwe:

- 1 fè sèvis la gratis anba enstwiksyon oswa kontwòl sou mwayen ak manyè pou bay sèvis la ki depannde dwa kontraktè a sèlman pou presize rezilta ou vle a;
- 2 pa ka anile lè travay li avèk kontraktè a fini;
- 3 gen yon investisman kapital enpòtan nan enstitisyon an anplis zouti ak ekipman òdinè ak yon veyikil pèsònèl;
- 4 posede byen kapital epi fè pwofi epi sipòte pèt enstitisyon an;
- 5 fè sèvis li yo disponib pou piblik jeneral la oswa pou kominote biznis lan sou yon baz regilye;
- 6 gen ladan sèvis yo bay yon sou yon barèm taks federal sou revni kòm yon biznis endepandan;
- 7 fè sèvis yo anba non enstitisyon an;
- 8 jwenn nenpòt lisans oswa pèmi ki obligatwa nan non enstitisyon an, epi peye pou li;
- 9 bay zouti ak ekipman ki nesèsè pou bay sèvis la;
- 10 anboche anplwaye pa li yo san apwobasyon kontraktè a, peye anplwaye yo san ranbousman nan men kontraktè a, epitou rapòte revni anplwaye yo pa Administrasyon Fiskal Etazini (Internal Revenue Service)
- 11 gen dwa pou fè sèvis sanblab pou lòt moun sou kèlkeswa baz la ak kèlkeswa lè li chwazi; epi
- 12 kontraktè a pa reprezante enstitisyon an oswa anplwaye enstitisyon an kòm anplwaye pa li pou kliyan li yo.

Enstitisyon an dwe satisfè tout kritè yo pou nou konsidere li kòm yon antrepriz endepandan.